TATA PANGIBADAH GKJ KOTAGEDE

======= | Minggu, 01 November 2026 ~ Jam 06.30 (Sengkeran Bujana Suci) | =======

TIMBALAN PANGIBADAH

Prdt.: Pasamuwan ingkang kinasih, kanthi nyawiji ing manah sumangga kita lumebet ing pangibadah menika kanthi ngrepekaken **KPJ 2: 1,2 "Allah Mahasuci",** kita repekaken kanthi jumeneng.

1) Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki
agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya.
Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.

2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya kawula nlangsani dosa.
Mugi angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayem.
Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.

VOTUM lan SALAM *(jumeneng)*

Pdt: Sumangga pangibadah punika sami kita sengker kanthi pengaken, Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tuking pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing para sedherek sedaya. Amin

KIDUNG PAMBUKA *(lenggah)*

Imam: Sumangga kita puji asmanipun Gusti saking **KPJ 59:1,2 "Pinujia Tansah Allah Mamirah"**

1) Pinujia tansah Allah Mamirah, kang gung tresna nira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura, tinebus sing pati temah basuki
Refr. Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta! Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa. Pasrah maring Allah srana pracaya margining waluya tentrem raharja.

2) Pinuji slaminya Allah Matresna, kang ngegungken sabar
mring tyang kang nasar, nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci …**Refr**…..

PANGAKENING DOSA *(Pratelan Bujana Suci)*

Pdt: Pasamuwan ingkang kinasih,

Kados ingkang sampun kawartosaken ing pawartos pasamuwan, bilih ing pangibadah punika kita badhé nampi Sengkeran Bujana Suci, minangka sarana pangrimating kapitadosan. Peladosan Sengkeran Bujana Suci kadhasaran bujana ing wanci dalu dungkap Gusti Yesus Kasalib.

Wonten ing bujana punika Gusti Yesus mundhut roti, lajeng kacuwil-cuwil sarta maringaken roti wau dhateng para murid kanthi ngendika: *"Iki badanKu kang*

kaparingake marga saka kowe. Iki tindakna minangka pangeling-eling marang Aku!" Mengkono uga tuwunge sawise dhaharan, pangandikane:"Tuwung iki prajanjian anyar kang sarana getihKu, kang kawutahake marga saka kowe."

Sengkeran Bujana Suci ngemutaken kita dhateng:

1. Kasalib, seda saha wungunipun Sang Kristus
2. Kita minangka tiyang pitados sampun katetepaken dados brayatipun Gusti Allah
3. Kasampurnaning kawilujengan ingkang sampun karangcang dening Gusti Allah

[Pandonga pribadi / Ening sawetawis]

KIDUNG PANELANGSA

Imam: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita nelangsani dosa-dosa kita, kanthi ngrepekaken kidung panelangsa saking **KPJ 61:1,2 "Saestu Keduwung"**

1) Saestu keduwung kula, dene kirang setya. Kadhawuhan kinen tresna dhateng Allah wah sesami, nging tan ana bukti Aduh Gusti, nyuwun suci

2) Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha. Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya, lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

PAWARTOS SIH-RAHMAT lan PITEDAH GESANG ANYAR

- **Pawartos Sih Rahmat → Efesus 1: 5-8**

  Pdt.: *Marga saka sih-mirmane saka ing wiwitan mula Panjenengane wus kepareng netepake kita kaangkat dadi para putrane marga saka Gusti Yesus Kristus, ing sakeparenge karsane, supaya pinujia sih-rahmate kang luhur, kang kaparingake marang kita ana ing Panjenengane kang kinasih. Sabab iya ana ing Panjenengane marga saka rahe, kita kaparingan tetebusan, yaiku pangapuraning dosa, manut gunging sih-rahmate, kang wus diluberake marang kita kalawan sagunging kawicaksanan lan pangreten.*

- **Pitedah Gesang Anyar → Markus 10: 43-45**

  Pdt.: *Nanging ana ing antaramu ora mangkono. Sing sapa kapengin dadi gedhe ana ing antaramu, iku dadia paladenmu, sarta sing sapa kapengin dadi pangarep ana ing antaramu, iku dadia bature wong akeh. Amarga Putraning manungsa iku rawuhe ora supaya diladeni, nanging sumedya ngladosi lan masrahake nyawane minangka panebuse wong akeh.*

KIDUNG KASANGGEMAN *(jumeneng)*

Imam: Kita tanggapi pawartos sih rahmat saha pitedah gesang anyar saking Gusti punika kanthi ngrepekaken Kidung Kasanggeman saking **KPJ 123:1,2 "Kula Pitados Mring Gusti".** Kita repekaken kanthi jumeneng

1) Kula pitados mring Gusti, peparang ingkang kekah. Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah. Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos. Prahara nguber jaladri, kula tatag ing batos.

Refr. Kula tan was-sumelang; Gusti tan nilar kula.
Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabdanya.

2) Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya. Ngrerancang wah mbudi-daya, tan kendhat ing pandonga. Siyaga tansah leladi ing sakatoging driya. Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada…**Refr**…

PALADOSAN PANGANDIKA *(lenggah)*

- **Pandonga Eplikese** *(nyuwun panuntuning Sang Roh Suci)*
- **Pamaosing Kitab Suci**
  PS : Waosan Kitab Suci kapethik saking …… Rahayu ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti saha sami dipun estokaken. Haleluya!
  J : *(ngrepekaken)* **Haleluya! Amin!**
- **Khotbah**
- **Wekdal Ening**

PALADOSAN SENGKERAN BUJANA SUCI

Sadèrèngipun nampèni Sengkeran Bujana Suci, sumangga kita sepisan malih ndadar dhiri kita piyambak-piyambak langkung rumiyin srana pitakèn dhateng dhiri kita mekaten:

1) Punapa kita saestu rumaos lan ngakeni kawontenan kita ingkang mboten wilujeng karana dosa kita, nanging awit saking berkahipun Gusti Allah kita kaparingan kawilujengan lantaran sèda tuwin wungunipun Gusti Yesus Kristus?
2) Punapa kita saestu ngadhahi tèkad nglampahi gesang enggal ing wewengkonipun Sang Roh Suci?
3) Punapa kita saestu badhe nglampahi gesang kanthi kebak ing raos sokur wonten salebeting patunggilan minangka brayatipun Gusti Allah?

Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita ndedonga:

"Dhuh Gusti mugi wontena kepareng Paduka ngagem Sengkeran Bujana punika dados sarana pangrimating kapitadosan kawula sedaya ngantos kawula sami tansah yakin dhateng pakaryaning Allah ingkang milujengaken, ingkang kaparingaken dhateng kawula wonten ing Gusti Yesus Kristus, sarta tansah gadhah pangajeng-ajeng dhateng bujana ingkang sampurna wonten ing swarga, minangka kasampurnaning kawilujengan. Amin"

- **KPJ 314:1 "Wonten ing Bujana Swarga"**
  1) Wonten ing bujana swarga tahsih langkung panggenan. Angger tyang dosa mratobat, mesthi nggih sinuruhan. Gusti ngutus pra abdinya ngundangken ing sajagad dhateng sawarnining jalma kang ngrumaosi cacad. "Rungokna! Neng swarga, isih luwih panggonan. Wong dosa, mareka! Sira kang sinuruhan."

(Pradata ngedaraken roti bujana suci)

- **KPJ 278:1 "Wonten Darah Suci Mancur"**

1) Wonten darah suci mancur neng ardi Golgota, nggih rahipun Gusti Yesus
Kang ngicalken dosa. kang ngicalken dosa, kang ngicalken dosa.
Nggih rahipun Gusti Yesus kang ngicalken dosa.

(Pradata ngedaraken anggur bujana suci)

PANDONGA SAFAAT kapungkasan DONGA RAMA KAWULA *(kakidungaken)*

PISUNGSUNG SOKUR lan PISUNGSUNG BUJANA SUCI

- **Dhasar Pisungsung → Kisah Para Rasul 20:35**
Tumrap ing sadhengah prakara aku wis aweh tuladha marang kowe, yen wong padha kawajiban nyambut-gawe mangkono kagawe mbiyantu wong-wong kang sekeng sarta kudu eling marang pangandikane Gusti Yesus, sabab Panjenengane piyambak wis ngandika: "Rahayu wong weweh, katimbang karo nampani.,

- **Kidung Pisungsung → KPJ 165:1,2 "Konjuk Mring Kang Mahaagung"**
1) Konjuk mring Kang Mahaagung, kula saos pisungsung; cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah; sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa,
dadya srana munpangati, mrih kamulyaning Gusti.

Kantong Pisungsung kaedaraken, kairing instrumen. ***Pasamuan ingkang badhe caos pisungsung bujana ugi saged scan QRIS, kanthi tambahan nominal Rp 7,- (mis. Rp 25.007)***

2) Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur, kebabaring raos urmat
wit tansah rinimat, dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

- **Pandonga Pisungsung** *(lenggah)*

PANGAKEN PITADOS RASULI *(jumeneng)*

Imam: Pasamuwan kasuwun jumeneng, Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang makaten: **Kawula pitados**……

PANGUTUSAN lan BERKAH

Pdt: Dadosa seksinipun Gusti wonten ing pundi papan, lan panjenengan tampi berkahipun Gusti: Sih rahmatipun Gusti Yesus saha sihipun Gusti Allah tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci wonten ing para sedherek sedaya. Amin.

KIDUNG PANUTUP → KPJ 369: 1,2 "Tetiyang Kang Adigang"

1) Tetiyang kang adigang mung nyebar panandhang. Wa teknya sami tegel, nindhes mring sanes tyang. Pituwasnya bebendu bramantyaning Gusti.
Nging tyang tresna satuhu, gesang yekti (2x)

2) Tetiyang kang adigung mung nandur sangsara. Remen umuk, gumunggung, ngina mring pepadha. Mesthi ngundhuh antaka, wit adiling Allah.
Nging tyang kang lembah-manah sinung berkah (2x)